Khutbah IDUL FITRI 1439 h 2018 m

Ngraketaken Paseduluran Sesami Muslim

oleh: Dr. H. Luthfi Hadi Aminudin, M.Ag

Nb:
Mohon Untuk Dikoreksi Terlebih Dahulu

PENGURUS CABANG NAHDLATUL ULAMA KABUPATEN PONOROGO
2018

Sekretariat | Jalan KH Ahmad Dahlan No. 60 Ponorogo Jawa Timur

KHUTBAH PERTAMA

اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ *اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَر * اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ * اللهُ أَكْبَرُ كَبِيْرًا* وَالْحَمْدُ لِلهِ كَثِيْرًا* وَسُبْحَانَ اللهُ بُكْرَةً وَأَصِيْلاً *لآ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ وَلاَ نَعْبُدُ إِلاَّ إِيَّاهُ مُخْلِصِيْنَ لَهُ اِلدّيْنُ وَلَوْ كَرِهَ اْلكَافِرُوْنَ* لآ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ وَحْدَهُ * صَدَقَ وَعْدَهُ * وَنَصَرَ عَبْدَهُ * وَأَعَزَّ جُنْدَهُ * وَهَزَمَ الأَحَزَابَ وَحْدَهُ* لآ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ وَاللهُ أَكْبَرُ * اللهُ أَكْبَرُ وِلِلهِ الْحَمْدُ*اَلْحَمْدُ ِلِلهِ الَّذِى أمرنا أن نقيم الأجتماع والأتحاد والتودد بين العباد ونهانا عن التفرق والتباغض والأبتعاد* أَحْمَدُهُ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى مِنْ إِلَهٍ أَعَادَ اْلأَعْيَادَ* وَادَّخَرَهَا بِكُلِّ عَمَلٍ فى يوم المعاد * وَأَطَالَ الأَجَالَ إِلَيْهَا لِيَنَالُوْا بِفَضْلِهَا الْجَزَاءَ الْموبد* أَشْهَدُ أَنْ َلا إِلَه إلا َاللهُ وَحْدَهُ َلا شَرِيْكَ لَهُ الفرد الصمد* وأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ الْحائز الشرف فوق العباد* صَلَّى اللهُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍالذى أرشدنا الى سبيل الرشاد* وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ الَّذِيْنَ كَانُوا يعتصمون بشريعته حق الأعتماد * وَسَلَّمَ تَسْلِيْمًا كَثِيْرًا إِلَى يَوْمِ المعاد * أَمَّا بَعْدُ، فَيَا مَعَاشِرَ الْحَاضِرِيْنَ رَحِمَكُمُ اللهِ، اِتَّقُوْا اللهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وِ َلا تَمُوْتُنَّ إِّ َلا وَأَنْتُمْ مسلمون *، قالَ اللهُ تَعَالىَ فِيْ كِتَابِهِ الكَرِيْمِ : يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَلْتَنظُرْ نَفْسٌ مَّا قَدَّمَتْ لِغَدٍوَاتَّقُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ خَبِيرٌ بِمَا تَعْمَلُونَ وَقَالَ رَسُوْلُ اللهِ صَلىَّ اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ : مَنْ نَفَّسَ عَنْ مُؤْمِنٍ كُرْبَةً مِنْ كُرَبِ الدُّنْيَا نَفَّسَ اللهُ عَنْهُ كُرْبَةً مِنْ كُرَبِ يَوْمِ الْقِيَامَةِ، وَمَنْ يَسَّرَ عَلَى مُعْسِرٍ يَسَّرَ اللهُ عَلَيْهِ فِى الدُّنْيَا وَالآخِرَةِ، وَمَنْ سَتَرَ مُسْلِمًا سَتَرَهُ اللهُ فِى الدُّنْيَا وَالآخِرَةِ، وَاللهُ فِى عَوْنِ الْعَبْدِ مَادَامَ الْعَبْدُ فِى عَوْنِ اَخِيهِ

وَاعْلَمُوْا أَنَّ يَوْمَكُمْ هَذَا يَوْمٌ عَظِيْمٌ وَعِيْدٌ مُبَارَكٌ سَعِيْدٌ كَرِيْمٌ*أُحِلَّ لَكُمْ فِيْهِ الْطَعَامُ وَحَرَّمَ عَلَيْكُمْ فِيْهِ الصِّيَامُ *

Hadirin Jamaah idul Fitri Ingkang dipun mulyaaken Allah

Alhamdulillah kita saget kepanggih wonten ing enjang ingkang kebak berkah menika, lan dipun kebaki rahos pasederekan ugi kekhusyukan. Kita saget sami-sami angrawuhi sholat Idul Fitri saperlu ngagungaken lan nyukuri nikmat saking Allah SWT. Pramila, mangga, wonten wekdal ingkang bahagia menika kita sami-sami ningkatakaten anggen kita taqwa dateng Allah SWT kanthi nebihi sedaya awisan-awisanipun senahoso sak menika kita boten wonten ing dalem wulan Romadlon. Ugi kita tingkataken ketaatan nglampahi perintah-perintahipun Allah kanthi rahosipun manah ingkang ikhlas. Pakulinan sholat berjama’ah lan makmuraken masjid kanti pangibadatan wonten ingdalem wulan Romadlon mangga kita lajengaken, kita dadosaken pakulinan ingkang sahe. Kita sedih dan susah dipun tilar Romadlon, ananging kita kedah syukur, keranten sederek-sederek kita wulan ngajeng bade berangkat dateng kutho Mekkah nglampahi panggilanipun Allah saperlu nindakaken ibadah Haji. Kagem ingkang dereng kagungan kasempatan, mugi tahun ngajeng pikantuk panggilanipun Allah SWT. Amin.

Allahu Akbar Allahu Akbar Allahu Akbar Walillahilhamd. Hadirin hadirat Rahimakumullah.

Wonten ing dinten riyadin menika, sumonggo kito sami-sami saling paring pangapunten. Keranten wulan Ramadhan inggih punika wulan maghfiroh utawi wulan ampunan. Ramadhan sampun mucal dateng kito sedoyo supados gampil paring pangapunten. Menawi Allah meniko Dzat ingkang moho paring pangapunten, sampun sak mestinipun menawi kito ugi saget paring pangapunten dateng sederek-sederek kito sesami ummat Muslim ugi dateng poro tetanggi.

Paring pangapunten berarti ugi paring kalonggaran utawi kalodhangan dateng sinten kemawon ingkang mbetahaken bantuan saking kito. Kanthi paring pambiyantu dateng tiyang sanes ingkang mbetahaken bantuan, berarti ugi kito paring bantuan dateng badan kito piyambak. Kados ingkang sampun dipun ngendikaaken dening Rasulullah SAW:

مَنْ نَفَّسَ عَنْ مُؤْمِنٍ كُرْبَةً مِنْ كُرَبِ الدُّنْيَا نَفَّسَ اللهُ عَنْهُ كُرْبَةً مِنْ كُرَبِ يَوْمِ الْقِيَامَةِ، وَمَنْ يَسَّرَ عَلَى مُعْسِرٍ يَسَّرَ اللهُ عَلَيْهِ فِى الدُّنْيَا وَالآخِرَةِ

Sopo wonge paring bantuan marang wong mukmin ngentasake kesusahane ing dalem dunyo, mongko Allah bakal ngentasake soko kangelane wong mau ing dino kiyamat. Lan sopo wonge ngentengake kerupekane wong liyo, mongko Alloh ugo bakal ngentengake urusane deweke ing dunyo lan akhirat.

Dhawuhipun Rasululloh menika negesake dateng kito, bilih sampun sak mestinipun antawisipun sesame tiyang Islam kedah saling dukung mendukung, lan saling bantu membantu ingdalem babakan kesahenan. Sahe meniko masalah ingkang gegayutan kaliah urusan dunyo utawi urusan agami. Sebab gusti Alloh benjeng dinten kiyamat bade paring batuan namung dateng hambanipun ingkang purun naati perintahipun selami gesang wonten ing donya.

Saling paring pangapunten ugi saling tulung tinulung meniko sifat aslinipun manungso, sebab manungso puniko makhluk sosial. Ananing keranten syetan lan nafsu ingkang dadosaken sifat dasar manungso kolowahu boten saget kalampahaken. Kadhang-kadhang keranten nesu lan keselipun manah dadosaken boten purun paring pitulung dateng sederek. Upaminipun keranten kolowingi dipun larani atinipun, utawi tiyang sanes kolowahu saingan pekerjaanipun, upaminipun. Padahal kita mampu lan saget paring pitulung. Pramilo, hal menikolah ingkang leres-leres kedah kito tebihi. Kito kedah anggadhahi jiwa besar kangge nulung sederek-sederek lan rencang-rencang seperjuangan. Kito kedah gadhah jiwa besar kangge nulung saingan kito, lan temtu kemawon kito tetep anjagi persaingan meniko kanthi *fair*.

Allahu Akbar Allahu Akbar Allahu Akbar Walillahilhamd.

Wonten ing dinten riyadin meniko, perlu kawula aturaken dateng sedoyo jamaah ingkang rawuh lan sedoyo umat Islam, Romadhon sampun mucal dateng kito supados kito tumindak jujur, khusyu' lan berjiwa besar, sholat kanthi berjama'ah wonten masjid. pramilo kito inggih kedah saget nerusaken wonten wulan-wulan selajengipun. Menawi, antawisipun kito taksih wonten rahos dendam, pramilo sak meniko kedah saget ngicali. Kito pasrahaken dateng Allah ingkang Moho Kuwaos, senahoso taksih mumkin dipun lajengaken dateng pengadilan ing dalem babakan urusan hukum manungso. Sahinggo senahoso kito dipun larani manah kito kaliyan tiyang sanes, ananging kito taksih saget paring pangapunten. Senahoso meniko boten saget guguraken proses pengadilan, supados boten katindakaken malih kesalahan ingkang sami ingkang dipun sengojo.

Menawi kito sampun paring pangapunten, tentu badhe krahos bangunan kekiatan umat Islam ingkang wetah lan kiat. Menawi kito sampun paring pangapunten dateng sederek kito setunggal kemawon, badhe thukul raos welas asih, lan menawi wonten ingkang nglarakaken piyambake temtu kito badhe ambelani.

Mekatenlah printahipun Allah SWT dateng umat Islam. Yakni sayogjanipun umat Islam meniko saget dados setunggaling bangunan ingkang kokoh kiat. Pasederekanipun sesame umat Islam meniko lir kados badan setunggal, menawi setunggalipun anggota badan wonten ingkang sakit, sedoyo badhe nderek ngrahosaken sakit.

Selajengipun, Allah lan Rasulipun ugi merintahaken dateng kito, supados kito nutupi aibipun utawi celanipun sederek-sederek kito. Menawi kito nutupi dateng awonipun utawi aibipun sesame, benjang wonten ing dinten kiyamat Allah badhe nutupi aib kito ateges gusti Allah bade paring pangapunten. Sayogjanipun kito nglindungi lan bantu dateng sederek kito ingkang lemah, supados benjeng wonten akhirot Allah ugi nglindungi dateng kito. Malah Allah njanjiaken perlindungan dateng tiang ingkang wonten perlindunganipun sederek sesame muslim Artosipun perlindungan kito ingkang kiat dateng sederek-sederek ingkang lemah meniko lir kados perlindunganipun Allah dateng hamba-Nya.

Kados dhawuhipun Kanjeng Rosululloh SAW

وَمَنْ سَتَرَ مُسْلِمًا سَتَرَهُ اللهُ فِى الدُّنْيَا وَالآخِرَةِ، وَاللهُ فِى عَوْنِ الْعَبْدِ مَادَامَ الْعَبْدُ فِى عَوْنِ اَخِيْهِ

Sopo wonge nutupi aibe utawa cacate kancane sesami muslim, mongko Alloh bakal nutupi aibipun wong wahu ing dunyo lan akhirot. Saktemeni Alloh bakal nglindungi kawulane, selami kawula kolowahu ing dalem lindunganipun sederekipun.

Mugi2 Alloh dadosaken kito umat ingkang BERJAYA ing dunyo ugi ing akhirot, Mugi2 Alloh manggihaken dateng kito benjang wonten akhirot ing dalem suasono ingkang kebak pasederekan ingkang ngremenaken lan mugi kito kalebet golonganipun tiyang-tiyang ingkang bekjo pikantuk rohmat lan nikmatipun Allah SWT. Amin.

KHUTBAH KEDUA

اَللهُ اَكْبَرُ اَللهُ اَكْبَرُ اَللهُ اَكْبَرُ اَللهُ اَكْبَرُ اَللهُ اَكْبَرُ اَللهُ اَكْبَرُ اَللهُ اَكْبَرُ. اَللهُ اَكْبَرْ كَبِيْرًا وَالْحَمْدُ لِلّٰهِ كَثِيْرًا وَسُبْحَانَ اللهِ بُكْرَةً وَأَصِيْلًا.لآإِلهَ إِلاَّ اللهُ وَاللهُ اَكْبَرْ اَللهُ اَكْبَرْ وَللهِ الْحَمْدُ. الْحَمْدُ للهِ الَّذِى جَعَلَ الْأَعْيَادَ بِالْأَفْرَاحِ وَالسُّرُوْرِ.وَضَاعَفَ لِلْمُتَّقِيْنَ جَزِيْلَ اْلأُجُوْرِ.وَكَمَّلَ الضِّيَافَةَ فِى يَوْمِ الْعِيْدِ لِعُمُوْمِ الْمُؤْمِنِيْنَ بِشَعْيِهِمُ الْمَشْكُوْرُ.وَأَشْهَدُ أَنْ لَاإِلَهِ إِلاَّ اللهُ وَحْدَهُ لَاشَرِيْكَ لَهُ الْعَفُوُّ الْغَفُوْرُ.وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا وَمَوْلَانَا مُحَمَّدًاعَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ الَّذِىْ نَالَ مِنْ رَبِّهِ مَالَمْ يَنَلْهُ مَلَكٌ مُقَرَّبٌ وَلَا رَسُوْلٌ مُطَهَّرٌ مَبْرُوْرٌ. اَللّٰهُمَّ فَصَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدَنِ النَّبِيِّ الْأُمِّيِّ وَعَلَى أَلِهِ وَأَصْحَابِهِ الَّذِيْنَ كَانُوْا يَرْجُوْنَ تِجَارَةً لَنْ تَبُوْرَ.وَسَلَّمَ تَسْلِيْمًا كَثِيرًا.أَمَّا بَعْدُ فَيَاأَيُّهَاالنَّاسُ اتَّقُوْااللهَ حَقَّ تَقْوَاهُ.وَاعْلَمُوْا يَاإِخْوَانِى رَحِمَكُمُ اللهُ.أَنَّ يَوْمَكُمْ هَذَا يَوْمٌ عَظِيْمٌ يَتَجَلَّى اللهُ فِيْهِ عَلَى عِبَادِهِ مِنْ كُلِّ مُقِيْمٍ وَمُسَافِرٍ. فَيُبَاهِى بِكُمْ مَلآئِكَتَهُ وَأَنْتُمْ مُشْعِرُوْنَ بِالتَّكْبِيْرِ فِى كُلِّ بَادٍ وَحَاضِرٍ.فَقَالَ اللهُ تَعَالىَ وَلَمْ يَزَلْ قَائِلًا عَلِيْمًا، إِنَّ اللهَ وِملآئِكَتَهُ يُصَلُّوْنَ عَلَى النَّبِيِّ يَاأَيُّهَاالَّذِيْنَ أَمَنُوْا صَلُّوْا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوْا تَسْلِيْمًا. اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلَّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَلِهِ وَصَحْبِهِ وَالتَّابِعِين وَارْضَ عَنَّا مَعَهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَاأَرْحَمَ الرَّاحِمِيْنَ. اللهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِيْنَ وَالْمُسْلِمَاتِ اَلاَحْيآءُ مِنْهُمْ وَالْاَمْوَاتِ اللهُمَّ اَعِزَّ اْلاِسْلاَمَ وَالْمُسْلِمِيْنَ وَأَذِلَّ الشِّرْكَ وَالْمُشْرِكِيْنَ وَانْصُرْ عِبَادَكَ الْمُوَحِّدِيَّةَ وَانْصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّيْنَ وَاخْذُلْ مَنْ خَذَلَ الْمُسْلِمِيْنَ وَ دَمِّرْ اَعْدَاءَالدِّيْنِ وَاعْلِ كَلِمَاتِكَ اِلَى يَوْمَ الدِّيْنِ .اللهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا اْلبَلاَءَ وَالْوَبَاءَ وَالزَّلاَزِلَ وَالْمِحَنَ وَسُوْءَ الْفِتْنَةِ وَالْمِحَنَ مَا ظَهَرَ

مِنْهَا وَمَا بَطَنَ عَنْ بَلَدِنَا اِنْدُونِيْسِيَّا خآصَّةً وَسَائِرِ اْلبُلْدَانِ اْلمُسْلِمِيْنَ عآمَّةً يَا رَبَّ اْلعَالَمِيْنَ .رَبَّنَا آتِنَا فِى الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِى اْلآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ .رَبَّنَا ظَلَمْنَا اَنْفُسَنَاوَاِنْ لَمْ تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا لَنَكُوْنَنَّ مِنَ اْلخَاسِرِيْنَ .عِبَادَاللهِ ! اِنَّ اللهَ يَأْمُرُنَا بِاْلعَدْلِ وَاْلاِحْسَانِ وَإِيْتآءِ ذِى اْلقُرْبىَ وَيَنْهَى عَنِ اْلفَحْشآءِ وَاْلمُنْكَرِ وَاْلبَغْي يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُوْنَ وَاذْكُرُوااللهَ اْلعَظِيْمَ يَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوْهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَلَذِكْرُ اللهِ اَكْبَرْ

SEGENAP KELUARGA BESAR
PENGURUS CABANG NU PONOROGO
Mengucapakan

SELAMAT HARI RAYA IDUL FITRI 1439
MOHON MAAF LAHIR BATHIN